

Bilten CHPC

Jen 2026

EDISYON ESPEYAL MWA FYÈTE



NAN NIMEWO SA A


- | | |
|----------------------------------|------------------------------|
| 01 Ki sa mwa jen an ye? | 02 PrEP, nan pawòl li |
| 03 Kanpay la lanse | 04 Pake resous |
| 05 Opsyon PrEP | 06 Plan an apwouve |
| 07 Vwa kominotè: Arthur | 08 Yon konsòsyòm |
| 09 19 me – Jou Tès Epatit | 10 SNAP ak Medicaid |
| 11 Sou-komite Jèn | 12 Anpè |
| 13 Chèche mo | |

Sa a se pou ou

Bòn Fèt Fyète, Connecticut. Jen rale nou deyò ankò epi fè nou retounen youn bò kote lòt, e ane sa a li pote yon mesaj nou vle tout kwen nan eta a tandè: prevansyon, swen, ak diyite se pou tout moun. Pa gen okenn eksepsyon, pa gen ti lèt anba.

Nimewo sa a se prèv sa. W ap tandè istwa yon manm kominote a ki te chwazi pran pwofilaksis pre-ekspozisyon (PrEP) sou pwòp tèm li, dekouvri kanpay komite w la te devlope epi lanse a, epi aprann sa adopsyon plan VIH Connecticut la pou ane 2027 rive 2031 vle di. Gen menm yon jwèt chèche mo nan fen an, kote repons yo klè kou dlo kòk nan tout paj sa yo.

Mèsi, kòm toujou, paske se nou ki rezon ki fè tout sa rive jwenn piblik li vize a.



Yon kominote, konekte

SEKSYON KOMINOTÈ

PrEP atravè je yon fanm nwa, etewoseksyèl

Pa Monique Davis • Kowòdonatè Prevansyon pou Sansibilizasyon, Community Health Services (CHS), Hartford

Retounen nan randevou nan laj 47 an, apre yon relasyon 24 an, se te yon eksperyans ki te ouvri je m epi ki te fè m reflechi anpil. Kòm mwen te grandi nan yon anviwònman konsèvatè, diskisyon sou sante seksyèl te ra, e menm jodi a, anpil fanm etewoseksyèl pa panse PrEP fèt pou yo. Malgre m poko fin retounen nan rankontre gason, mwen santi yon vrè sans otònòmi lè m konnen ke, si m deside fè sa, m ap gen mwayen pou m pwoteje tèt mwen epi pran kontwòl sante seksyèl mwen.

Pou mwen, PrEP reprezante pi plis pase jis yon mezi prevantif. Li reprezante chwa, konfyans, ak kapasite pou pran desizyon enfòmè pou tèt mwen san krent ni wont.

Lè w se yon fanm nwa, sa ajoute yon lòt kouch, paske kilti, fason yo te leve w, ak eksperyans ou viv yo tout enfluyans fason nou wè relasyon, risk, ak konvèsasyon sou swen sante. Se poutèt sa reprezantasyon nan edikasyon ak sansibilizasyon enpòtan anpil.

Nan travay mwen kòm kowòdonatè prevansyon ak sansibilizasyon nan Community Health Services (CHS), yon Sant Sante Federalman Kalifye (FQHC) nan sant vil Hartford, mwen konsantre sou edikasyon sou PrEP, tès pou enfeksyon seksyèlman transmisib (IST), ak demanti mit. Mwen wè ak pwòp je m kijan sèten baryè, tankou mesaj ki pa reflekte reyalye fanm ki pi gran yo, stigma ki antoure diskisyon sou sante seksyèl, oswa lefèt ke pwofesyonèl sante yo pa abòde sijè PrEP la regilyèman ak fanm etewoseksyèl yo, ka anpeche fanm yo jwenn aksè a enfòmasyon ak pwoteksyon. Mwen remake tou ke anpil gason etewoseksyèl ki gen plis pase 30 an pa wè tèt yo reflekte nan kanpay PrEP aktyèl yo nonplis, sa ki ka fè konvèsasyon sou prevansyon yo santi yo menm plis dekonekte.

Nou bezwen yon edikasyon ki adapte ak kilti nou epi nou ka idantifye ak li, ansanm ak pwofesyonèl ki gen sousi pou nou ki abòde sijè sa yo san jijman. Sipò sa a ban m plis fòs, e mwen vin pi angaje pou m ede lòt moun santi yo enfòmè, reprezante epi kapab fè chwa ki pwoteje sante yo nan kondisyon pa yo.

PLAN AN NAN YON LAVI • PREVANSYON

Sa Monique dekri a se poto Prevansyon an ki aplike nan nivo endividyèl. Plan Connecticut la vize rann PrEP ak mezi prevansyon yo aksesib pou tout moun ki ta ka benefisye de yo, epi pou mete anplas inisyativ sansibilizasyon ki vrèman reflekte popilasyon li vle pwoteje yo. Yon fanm nwa etewoseksyèl ki nan karantèn li, ki chwazi pran PrEP sou pwòp tèm li, reprezante poto sa a pafètman epi li ranpli egzakteman wòl li te fèt pou li a.

FOKIS SOU KANPAY LA

Kanpay nou an sou PrEP ak tè woutin lanse

Sa Monique fèk dekri selon pwòp pèspektiv li se egzakteman sa kanpay sa a vize adrese. Komite a devlope l kòm repons pou Evalyasyon Bezwen Ryan White pou 2025 la, kote manm kominote yo te fè nou konnen klèman ke yo pa toujou konnen PrEP disponib pou tout moun, ni kote pou yo fè tè regilyèman. Prezantasyon sis diapozitif sa a kounye a finalize epi li pare pou distribisyon nan tout eta a. Inisyativ sa a benefisyè tou yon kontèks favorab: depi janvyè 2023, lwa Connecticut egzije pou founisè swen sante yo ofri tè VIH bay nenpòt moun ki gen 13 an oswa plis nan etablisman swen primè ak ijans, ak opsyon pou refize.

Sa a se yon kanpay k ap kontinye, se pa yon evènman yon sèl jou. Resous yo disponib nan pake a pandan tout ane a; kidonk, ou ka itilize yo lè sa bon pou kominote w la, epi pwofite okazyon tankou Jounen Nasyonal Tè VIH nan dat 27 Jen, ki se yon moman ideyal pou mete yo an valè.

FACT 01 OF 04
HEARD OF PEP?

1 IN 4

people in our community have never heard of PEP

Post-Exposure Prophylaxis (PEP) is emergency medicine taken within 72 hours of a possible HIV exposure. It's highly effective — but only if you know it exists.

CTHIVPlanning.org → ASK YOUR PROVIDER

FACT 02 OF 04
HIV MEDS HAVE CHANGED

1 IN 5

haven't heard of long-acting injectable HIV medications

Today, HIV treatment can be a shot every 1–2 months instead of a daily pill — but awareness remains low.

CTHIVPlanning.org → ASK YOUR PROVIDER

WHERE TO GET TESTED

KNOW YOUR STATUS.

Routine HIV testing is fast, confidential, and often free. Here's how to get started:

- 1 Visit gettested.cdc.gov to find a testing site near you in Connecticut.
- 2 Call your primary care provider — HIV testing is part of routine care for ages 13–64.
- 3 Use a home test kit available at pharmacies or through local health departments.

CTHIVPlanning.org → ASK YOUR PROVIDER

Yon apès sou karousèl la. Ou ka jwenn tout seri a nan dosye kontni pou pataje a, ki pare pou pèsonalize epi pibliye.

Prevansyon se pou tout moun.

#ThisIs4U • #ThisIs4UCT • #U=U

Sa pran anviwon senk minit pou poste

- 1 **Louvri dosye a** epi telechaje karousèl la, tit yo ak hashtag yo. Yon sèl lyen, tout bagay nan yon sèl kote.
- 2 **Ajoute logo ak adrès ajans ou a** sou modèl Canva a. Espas yo deja enkli.
- 3 **Pibliye lè sa bon pou ou**, epi mete aksan sou evènman tankou Jounen Nasyonal Tè VIH nan dat 27 Jen. Kenbe #ThisIs4U ak #ThisIs4UCT nan tit la. Èske w prefere yon Reel oswa yon TikTok? Ekspòte slay yo kòm yon videyo (MP4) epi animasyon an ap jwe otomatikman.

Se lè nou itilize **#ThisIs4U** a san rete ke, pou premye fwa, n ap kapab swiv pòte pòs yo avèk anpil detay. Hashtag **#U=U** a vle di Undetectable = Untransmittable (Endetektab = pa transmisib): yon moun k ap swiv tretman ak yon chaj viral ki pa detekte pa ka transmèt VIH seksyèlman.



Dosye kanpay la

[cthivplanning.org/
social-media-
shareables](http://cthivplanning.org/social-media-shareables)

Eskane pou louvri dosye kontni pou pataje a: karousèl ki ka defile a, tit yo ak hashtag yo, tout pare pou pèsonalize ak logo ou epi pibliye.

DOSYE RESOUS

Yon sèl kote, fèt pou ou

Ann onèt youn ak lòt: dosye resous medya sosyal la pa fin itilize ase. Nou tout jwenn yon lòt lyen pa jou, e li fasil pou neglije yon lòt ankò. Kidonk kanpay sa a se pilòt la pou chanje sa. Si manm PACE yo itilize dosye a regilyèman, rès CHPC a ap swiv.

Anndan w ap jwenn nouvo resous kanpay PrEP & Tès Woutin lan ak yon bibliyotèk kominotè k ap grandi. Demann nan senp: telechaje sa ou bezwen, poste li, epi ajoute pa w. Foto jou tès yo, feyè ajans yo, grafik evènman yo, tout sa fè dosye a vin pi itil pou pwochen moun nan.



Gade epi soumèt

cthivplanning.org

Èske se premye fwa w isit la? Fòmilè soumèt la ap gide w nan pwosesis la: non w, detay kontak ou, itilizasyon prevwa a ak fichye a. Nou revize l epi nou klase l nan bon kote a. Eskane kòd la pou gade nan dosye a epi ajoute pwòp materyèl ou.

GID REFERANS RAPID

PrEP se pa yon sèl bagay

Yon pati nan mit la se ke PrEP vle di yon grenn chak jou pou yon sèl kalite moun. Se pa sa ditou. Men opsyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) rekòmande yo; yo tout efikas anpil pou anpeche VIH lè yo itilize jan yo preskri yo:

ORAL CHAK JOU

Yon grenn, yon fwa pa jou

Yon grenn pou pran chak jou. Se opsyon ki pi lajman itilize a.

CHAK 2 MWA

Yon piki

Kabotegravir, pou pike ki gen efè lontan, yon founisè swen administre l dapre yon orè fikse.

DE FWA PA ANE

Yon piki chak 6 mwa

Piki Lenacapavir, apwouve pa U.S. Food and Drug Administration (FDA) nan jen 2025 epi rekòmande pa CDC.

96–100%

Mwens nouvo enfeksyon nan esè opsyon de fwa pa ane a

Mande founisè ou sa ki adapte ak lavi ou, oswa jwenn yon pwèn aksè lokal atravè dosye resous la. Nan esè klinik yo, opsyon ki fèt de fwa pa ane a te diminye nouvo enfeksyon VIH yo pa anviwon 96 a 100 pousan.

Sous: HIV.gov ak CDC, MMWR 2025.

PLAN ENTEGRE • 2027 RIVE 2031

Plan an apwouve. Men sa sa vle di.

Chak senk ane, Connecticut fikse plan wout la pou fason li anpeche ak trete VIH. Mwa sa a, apre yon efò ki te dire plizyè ane, manm CHPC yo te adopte Plan Entegre Prevansyon ak Swen VIH pou ane 2027 rive 2031, yo te vote pou apwouve l ak yon majorite akablan.

27

Anfavè

1

Kont

1

Abstansyon

Sa a se pa sèlman yon ti ajou. Plan an modènize tout apwòch Connecticut la epi, nan pwòp pawòl li, li oryante leta pou l pase soti nan jere epidemi an pou rive mete fen ladan l. Li aplike yon apwòch sendemik (li trete VIH ansanm ak epatit C, oswa HCV, maladi transmis pa sèks, oswa MTS, ak twoub

itilizasyon sibstans, oswa TIS, olye pou yo trete yo separe) epi li bati yon sistèm «pa gen move pòt» kote nenpòt pwèn antre konekte yon moun ak swen.

Plan an te devlope apati de kontribisyon kominote a, enkli Evalyasyon Bezwen Ryan White la, ak yon egzamen atantif sou fòs ak mank nan chak poto. Li te fòme epi rafine atravè komite pèmanan konsòsyòm nan epi li pote Lèt Konkòdans fòmèl ki soti nan kò planifikasyon patnè yo anvan manm yo te adopte li pa vòt. Nan tèm senp: anpil patnè te bati sa ansanm, kominote a te ede fòme li, epi manm CHPC yo te vote pou apwouve li.

Kat poto yo

Dyagnostike

Elaji tès woutin pou VIH ak VHC (ak opsyon pou refize) nan depatman ijans yo ak nan kominote a pou adrese dyagnostik ki fèt twò ta.

Trete

Fèmèn brèch ki genyen nan sipresyon viris la lè nou retire baryè tankou lojman, transpò ak stigma.

Anpeche

Priyoreze PrEP ki gen efè lontan, pwofilaksi apre ekspozisyon ak doksisisiklin (DoxyPEP), itilizasyon kapòt ak sèvis pou rediksyon domaj.

Reponn

Detekte epi reponn pi rapidman a epidemi yo atravè siveyans ak yon patenarya sere ak kominote a.

Sa n ap vize

2031

Zewo nouvo transmisyon VIH nan Connecticut

95%

Sipresyon viral

+10%

Tès klinik

Kounye a, se pou nou menm nou aji. Apwobasyon an se te kòmansman an, pa liy fini an. Pwochen senk ane yo se pou fè objektif sa yo tounen reyalyte nan kominote nou yo. Se la PACE antre, e se la ou menm ou antre tou: chak konvèsasyon, chak pòs, chak jou tès se plan an k ap deplase.



Li plan an antye
cthvplanning.org

Eskane pou li tout Plan Entegre Prevansyon ak Swen VIH pou ane 2027 rive 2031 la.

VWA KOMINOTÈ

Aprann konnen mwen

Pa Arthur Harris (Cocoa Blac) • Manm Kominote & powèt pibliye

Arthur Harris te fèk sòti nan estidyo anrejistreman an apre yon chanjman nwit lè nou te pale, e li toujou te bay konvèsasyon an tan li. Yon powèt pibliye ki kounye a anrejistre mizik kòm Cocoa Blac, li ap viv ak VIH depi prèske disèt ane. Li mande nou rele sa «Aprann konnen mwen».

Li trase kòmansman an nan yon moman ki fè pè. «Lè m t ap sòti, anviwon 2009, anpil moun t ap pran l, e yo te vrèman jèn, tankou 17 an. Sa te fè m pè.» Nan epòk sa a, stigma nan te lou, menm jan lavi lakay li te difisil tou. Papa l, ki pa t ka aksepte oryantasyon seksyèl li, te fini pa mete l deyò. «Se te sitou yon kesyon de siviv,» li di. Li t ap chèche yon kote li te ka santi l aksepte, li t ap konte sou moun tankou Kamora Herrington, ki te dirije òganizasyon charitab True Colors la, ak yon travayè sosyal ki te mennen l nan divès kote pou ede l patisipe. Poutan, gwoup li te dekouvri yo pa t janm vrèman bon pou li. Li te vle wè plis moun ki tankou li.

Onètman, mwen gen 34 an e m ap toujou chèche. Mwen pase anpil bagay, men m ap toujou chèche.

Se atravè ekriti li ekprime tout sa. «Se yon mekanis pou m jere,» li di. «Chak fwa m pa santi m byen, mwen ekri yon bagay, yon powèm oswa yon chante, oswa mwen kenbe yon jounal. Sa pèmèt mwen ekprime sa k te bloke anndan m nan.» Li te pibliye dènye koleksyon powèm li an 2017, apre sa li te vire sou mizik. Dènyèman, li di, anpil moun pa sispann di l pou l retounen nan powèm, e li santi l pare pou l fè sa. James Baldwin ak Langston Hughes se ekkriven li site yo.

Mande l sa moun yo konn di ki pa kòrèk sou VIH epi li reponn san ezite. «Mwen ta di se pa yon santans lanmò,» li di, «epi li pa fasil pou trape.» Li te ekri yon powèm yon fwa sou li gen VIH, sou wont la ak sou fason yo te fè l santi li pa t fè pati, epi li te prezante l lè li te pi jèn.

Sa ki ba li espwa se vizyon alontèm nan: lavi ki pi long, medikaman ki pi bon, e petèt, yon jou, yon gerizon. Sa ki pi enkyete l se sa ki pi pre: moun k ap pèdi swen, oswa ki pa vle konnen estati yo, oswa ki pa gen asirans pou al wè yon doktè. Mesaj li pou yo, ak pou yon vèsyon pi jèn li menm, klè. «Li oke pou w fè tès epi pran swen tèt ou,» li di. «Viv lontan, viv djanm.»

PLAN AN NAN YON LAVI • TRETMAN

Arthur ap viv byen ak VIH depi prèske disèt ane, ki se poto Tretman an an fòm imen. Objektif plan an klè e difisil an menm tan: ede chak moun k ap viv ak VIH rete anba swen epi rete an sante lè yo elimine baryè yo, soti nan asirans rive nan stigma, ki pouse moun deyò. Repons li se pwòp lavi li: rete an kontak, pran swen tèt ou, viv yon vi ki long e an sante. Epi tout bagay kòmanse, li raple nou, ak yon tès.

RANKONT MANM KOMITE YO

Yon Konsòsyòm, k ap Travay Kòm Youn

Bilten sa a pwodui pa PACE, men PACE se yon pati nan yon antye ki pi gwo. Connecticut HIV Planning Consortium la fè travay li atravè komite pèmanan ki pataje chay la:

Yon konsòsyòm, k ap travay kòm youn

Egzekitif (Executive)

Dirije konsòsyòm nan epi revize pwodwi yo anvan yo sòti, enkli lèt volontarya a.

Mete Fen nan Sendemik la (Ending the Syndemic, ETS)

Mennen estrateji atravè VIH, epatit C, MST, ak itilizasyon sibstans.

Pwojè Evalyasyon Bezwen (Needs Assessment Projects, NAP)

Koute kominote a epi transfòme sa li tande an prèv.

Mezi Kalite ak Pèfòmans (Quality & Performance Measures, QPM)

Pèmèt evalyasyon ak rapò sou travay nou.

Sansibilizasyon Piblik ak Angajman Kominotè (Public Awareness & Community Engagement, PACE)

Rekrite, ankadre, epi gaye mesaj klè ak atantif atravè tout eta a. Se nou menm.

Sa w ap kenbe a se youn nan kontribisyon PACE nan efò pataje sa a. Kanpay la nan paj sa yo, plan ou te ede apwouve a, Sou-komite Jèn (Youth Subcommittee) k ap pran fòm lan: anyen ladan yo pa pou yon sèl komite. Se konsòsyòm nan k ap deplase ansanm. Nou rankontre chak twazyèm Mèkredi nan mwa a, e ou pa bezwen okenn tit pou patisipe.



Eksplòre komite yo

[cthivplanning.org/
committees](https://cthivplanning.org/committees)

Eskane pou jwenn lè rankont yo ak kijan pou w antre nan nenpòt komite. Pa gen tit ki nesesè, jis vini.

ENPAK KOMINOTÈ

Yon Gwo Evènman Nasyonal pou Sansibilizasyon sou Epatit

Pa Venesha Heron • 19 Me 2026

Pou make Mwa Sansibilizasyon sou Epatit ak Jounen Nasyonal Tès Epatit, nèf patnè nan Connecticut te mete tèt yo ansanm pou evènman «One Big Statewide Testing and Awareness 2026» la pou ogmante sansibilizasyon piblik, elaji aksè a tès yo epi ranfòse efò referans pou swen atravè tout eta a.



Foto: CCMC, CRT, ak ACT

97

Moun ki te fè tès

100%

Te resevwa rezilta menm jou a

10

Lye ak swen swivi

Inisyativ kolaboratif sa a te konsantre sou edikasyon ak sansibilizasyon, yon apwòch global atravè itilizasyon zouti depistaj sendemik la, ak referans menm jou a pou tretman, pou adrese VIH, epatit C ak twoub itilizasyon sibstans, pandan l ap amelyore aksè a sèvis entegre prevansyon, tès, referans ak tretman.

Sou 97 moun ki te fè tès la, 87 (90%) te pa reyaktif epi 10 (10%) te pozitif pou antikò Epatit C, ak 1 RNA pozitif. Tout 10 yo te lye ak swen swivi oswa tretman, epi 1 moun te kòmanse tretman nan 1ye

jen 2026. Patisipan yo te refilete kominote travay la vize a: 66 (68%) te idantifye kòm gason epi 30 (31%) kòm fi, epi 42 (43%) kòm moun ki itilize oswa ki pike dwòg.

Yon gwo etap enpòtan se te piblikasyon, nan ete 2025, premye Plan Eliminasyon Epatit C nan Connecticut, ki te etabli yon kad nan tout eta a pou kowòdone aksyon yo epi fè avanse pwogrè a nan eliminasyon epatit C kòm yon menas pou sante piblik anvan 2030. Evènman sa a te kontribye tou nan aplikasyon Lwa sou Tès Inivèsèl pou Epatit Viral C nan Connecticut (Seksyon 19a-7o, 2023).

Nou ta renmen eksprime rekonesans sensè nou bay tout patnè kominotè yo, pwofesyonèl sante yo, defansè yo ak òganizasyon yo ki te kontribye nan siksè inisyativ nan tout eta a pou ane sa a. **Ansanm nou ka elimine epatit viral.** #HepFreeCT · Teste. Trete. Geri.

DEKOUVRI BENEFIS OU YO

SNAP ak Medicaid: Kisa k ap chanje toutbon?

Yon lwa federal pou ane 2025, Lwa One Big Beautiful Bill, chanje moun ki dwe pwouve y ap travay pou yo ka kontinye resevwa èd alimantè ak kouvèti sante. Men vèsyon senp lan, ak sous yo pou ou ka verifye li poukont ou.

An brèf: plis adilt ap gen pou pwouve yo pase 80 èdtan pa mwa (anviwon 20 èdtan pa semèn) ap travay, etidye, resevwa fòmasyon oswa fè volontarya pou yo ka kontinye resevwa èd alimantè nan kad Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP) epi, talè konsa, kouvèti sante atravè Medicaid (yo rele l HUSKY nan Connecticut). Pifò moun ki afekte yo deja ap travay. Pi gwo risk la chita nan nouvo egzijans administratif sa yo menm. E kòm èdtan volontè yo ka konte, se la CHPC a antre an jwèt.

- 1 Èd alimantè (SNAP).** Granmoun ki pa gen timoun k ap viv avèk yo dwe kounye a demontre yo pase omwen 80 èdtan pa mwa nan travay, fòmasyon, etid oswa volontarya. Lwa a elaji laj ki kouvri a, soti nan 18-54 pou rive 18-64, epi kounye a li gen ladan l paran timoun ki gen 14 an ak plis. Chanjman sa yo te kòmanse aplike nan Connecticut nan mwa novanm 2025.
- 2 Kouvèti sante (Medicaid / HUSKY).** Pou premye fwa, adilt ki gen laj 19 a 64 an e ki kouvri pa HUSKY pou moun ki gen ti revni pral fè fas ak yon règ 80 èdtan ki sanble, ki dwe antre an vigè an 2027. Prèske yon douzèn eksepsyon aplike, tankou «feblès medikal». Yo site VIH espesyalman pami maladi grav ki ka konte, men yon nouvo règ federal jen 2026 ajoute ke kondisyon an dwe tou limite kapasite yon moun pou travay yon fason enpòtan, kidonk egzansyon an pa otomatik.
- 3 Pwoblèm nan se papye yo.** Nan Connecticut, anviwon 73% nan granmoun ki sou Medicaid deja ap travay, e pifò moun ki afekte yo kalifye pou yon egzansyon. Menm konsa, kontwolè leta a avèti ke anpil moun k ap travay oswa ki egzante ka pèdi kouvèti asirans yo jis ak nouvo dokiman yo. Estimasyon leta yo sijere ke 100,000 a 200,000 rezidan ta ka pèdi kouvèti HUSKY pou plizyè rezon.
- 4 Èdtan volontè yo ka konte.** Se poutèt sa PACE rekòmande yon lèt volontarya ke manm yo ak patisipan kominotè yo ka itilize pou dokimante èdtan yo. Pou fè klè, sa a se yon rekòmandasyon ak yon pwodwi PACE, se pa yon dokiman ki soti nan PACE. Li ale nan Komite Egzekitif la pou rafine ak apwouve, kidonk se yon efò pou tout konsòsyòm nan. Gen plis k ap vini.

Sous: CT DSS, Mizajou Federal H.R.1; United Way of Connecticut 211; CT Mirror; CT Mirror, jen 2026 (feblès medikal).

SOU-KOMITE JÈN

Bati pwochen jenerasyon CHPC a

Youth Subcommittee a te fè premye oryantasyon li an jen sa a, nan aswè pou manm ki nan laj lekòl ak sa k ap travay yo ka patisipe. Li pral parèt isit la nan chak nimewo kòm yon envitasyon pèmanan.

CT HIV PLANNING CONSORTIUM PACE COMMITTEE YOUTH SUBCOMMITTEE / 2026

— A CALL FOR VOICES, AGES 17-24

MAKE YOUR VOICE HEARD.

Young people are missing from nearly every conversation that shapes HIV prevention and care in Connecticut. We're building a subcommittee to change that — and we're saving a seat for you.

01 / YOUR ROLE
WHAT YOU'LL DO

- Review outreach materials — flyers, graphics, social posts
- Shape HIV messaging that actually reaches your generation
- Create content for campaigns, newsletters, and social feeds
- Collaborate with peers and mentors across the state

02 / WHAT YOU GET
WHAT YOU'LL GAIN

- Community service or school volunteer hours
- Leadership and résumé-building experience
- Mentorship from caring peers and public-health leaders
- A real seat at the table — youth voices, taken seriously

17-24
ELIGIBLE AGES

NO EXPERIENCE NEEDED.
Just your voice, your perspective, and the willingness to bring both into the room.

— GET INVOLVED
SEND A NOTE, SAVE YOUR SEAT.

Reach out to **David Reyes**, PACE Committee Support Staff
reyes@xsector.com · Cross Sector Consulting

CHPC • PACE
CTHIVPLANNING.ORG

Ou konnen yon moun ki gen ant 17 ak 24 an ki ta yon bon kandida? Chemen ki pi rapid pou antre se pase non yo dirèkteman bay **Blaise Gilchrist** oswa **Jordan Wynn**. Gwoup la fèt pou jèn yo mennen l: manm yo detèmine sa l ap fè, epi granmoun yo sipòte yo pandan tout pwosesis la.

Premye rankont

Madi 30 Jen, 5:30 a 6:30 nan aswè, vityèl.
Patisipasyon an ka konte pou èdtan volontè oswa aktivite ekstrakurikilè.



Refere yon jèn
reyes@xsector.com

Eskane pou voye yon non, oswa pase l dirèkteman bay Blaise oswa Jordan.

Nan Lapè

Yon powèm pa Jordan Wynn

La a, pa gen kanpay oswa estatistik. Se jis yon maten senp bò dlo, yon senp rapèl ki fè nou sonje nou tout, sa k ap viv ak VIH yo ansanm ak moun k ap travay bò kote yo, merite lapè, chalè imen ak yon bèl jounen.

Mwen leve maten an sou son senfoni plaj la,
Gwo vag lanmè k ap frape tankou yon batman kè ritmik,
Mouèt k ap rele, vwa yo k ap travèse lè fre a,
Bwouya lanmè a kole sou vit fenèt mwen, fre ak sale.

Mwen soti, m ap mache sou rivaj la.
Pye m plonje nan sab mou a,
Krab tè ble yo kouri al kache,
Ti kreyati k ap vole tankou panse ki pase vit.

AHHH!

Dlo a se yon anbrase frèt e file pandan l ap glise sou sab la,
Lè li touche zòtèy mwen, yon tranbleman pase nan kolòn vètebral mwen.
Maré a ap desann, li ap chichote sekre nan zòrèy lanmè a,
Men vle suiv li.

Syèl la transfòme an yon twal,
Woulo zoranj, woz, jòn ak ble ki mele youn ak lòt,
Yon mèvèy Manman Lanati pentire,
Pou benyen mwen nan chalè total anbrase li a.

Se lè sa a granmoun gason an parèt, cheve gri li ap refleto limyè a,
Li fè jès ak tèt li, tankou si l santi kè m lou,
Li di, «Oseyan an pral lave enkyetid ou yo; se nan vasite li ke lapè chita».

E nan moman sa a, vag yo chichote pou reponn,
Yon rekonfò ki chaje ak espwa, yon akolad dous,
Pandan nou kanpe la, kòtakòt, bote plaj la,
Enkyetid nou yo disparèt sou ritm lanmè a.

Jordan Wynn · Kowòdonatè Pwogram Planifikasyon (Planning Program Coordinator), Konsèy Planifikasyon
Ryan White (Ryan White Planning Council)

JWE

Chèche mo sou Plan Entegre a

Chak mo ki anba a parèt yon kote nan nimewo sa a. Chèche yo nan kadriyaj la — orizontalman, vètikalman oswa an dyagonal — pou jwenn yo tout. Mo nan kadriyaj la an Anglè.

U	C	V	Q	M	F	O	F	L	P	R	I	D	E
H	X	H	F	B	I	L	B	R	A	B	I	Z	Q
T	W	X	U	Y	P	B	D	E	K	D	Y	D	A
G	A	T	N	E	V	E	R	P	N	V	X	I	J
S	S	E	O	Y	U	D	P	O	K	L	I	A	M
D	L	C	R	P	M	F	P	O	H	Z	E	G	V
A	A	P	O	T	W	S	G	Z	B	S	F	N	H
C	C	H	T	L	E	X	E	A	Y	G	Y	O	O
D	C	C	M	R	A	U	M	N	N	C	O	S	K
K	E	H	P	D	U	G	D	I	L	E	K	E	H
X	S	P	B	F	I	E	T	W	O	R	E	O	E
I	S	E	N	T	M	S	C	N	H	E	A	I	S
J	K	R	S	I	E	Z	F	A	I	P	D	K	O
P	D	P	C	T	E	Q	B	U	P	Z	V	G	R

JWENN SA YO

PREP

TESTING

SYNDEMIC

DIAGNOSE

TREAT

PREVENT

RESPOND

STIGMA


ACCESS

PACE

CHPC

PRIDE

Chak mo konekte ak Plan Entegre a ak istwa ki nan nimewo sa a: kat poto yo (**Diagnose, Treat, Prevent, Respond**), apwòch **syndemic** la, ak travay **PACE** ak **CHPC**.



Bilten CHPC

JEN 2026 · EDISYON ESPESYAL MWA FYÈTE

Èske w gen yon bagay pou pataje?

Istwa, atizay, pwezi, kanpay ajans, oswa foto. Nou ta renmen mete yo ladan l. Voye yon imèl bay reyes@xsector.com.

Lyen Rapid

CHPC · cthivplanning.org

Kontni pou pataje · dosye medya sosyal la

Pwochen reyinyon CHPC ak plis · cthivplanning.org



CHPC sou entènèt
cthivplanning.org



Dosye kanpay la
dosye pou pataje



Li sa sou entènèt
nan tout twa lang

Pwodui pa Komite Sansibilizasyon Piblik ak Angajman Kominotè (PACE) nan Connecticut HIV Planning Consortium.

Tradui an Anglè, Espanyòl, ak Kreyòl Ayisyen. Prevansyon, swen, ak diyite se pou tout moun.